

# SOVE LAVI W:

## Resevwa Swen pou Siy Danje APRE AKOUCHMAN sa yo

Pi fò fanm ki akouche yo geri san pwoblèm. Men nenpòt fanm ka gen konplikasyon apre l fin akouche. Lè w aprann rekonèt siy danje APRE AKOUCHMAN sa yo epi w konnen kisa pou w fè, sa ka sove lavi w.



<b>Rele 911</b> si w gen:	<input type="checkbox"/> Doulè nan pwatrin <input type="checkbox"/> Paka respire oswa souf kout <input type="checkbox"/> Kriz <input type="checkbox"/> Gen lide fè tèt ou mal oswa yon lòt moun
<b>Rele doktè oswa lòt responsab sante w</b> si w gen:  (Si w pa ka jwenn doktè oswa lòt responb sante w nan telefòn, rele 911 oubyen ale nan yon sal ijans)	<input type="checkbox"/> Emoraji, mouye yon: twal gaz antranp chak inèdtan, oswa boul san ki gwose yon ze oubyen ki pi gwo <input type="checkbox"/> Ensizyon ki pa vle geri <input type="checkbox"/> Janm ki tou wouj oubyen ki anfle, ki fè mal oswa ki cho lè w manyen l <input type="checkbox"/> Tanperati 100.4°F oswa pi wo <input type="checkbox"/> Tèt fè mal ki pa janm pase, menm apre w fin pran medikaman, oswa gwo tèt fè mal ak twoub vizyèl



### Enfòm 911 oubyen doktè w oswa lòt responsab sante w:

“Mwen te akouche nan dat \_\_\_\_\_ epi mwen gen \_\_\_\_\_.”  
(Dat)  
(di ki Siy danje ou genyen)

### Siy danje apre akouchman sa yo ka menase lavi w si w pa resevwa swen medikal touswit paske:

- Doulè nan pwatrin, paka respire oswa souf kout (difikilte pou pran souf) ka vle di ke w gen yon boul san nan poumon w oswa yon pwoblèm kè
- Kriz kapab vle di ou genyen maladi eklansmi
- Gen lide fè tèt ou mal oubyen lòt moun ka vle di ou gen depresyon aprè akouchman
- Emoraji (pèdi anpil san), mouye plis pase yon: twal gaz antranp nan inèdtan oswa lè w rann yon boul san ki gwose yon ze oswa ki pi gwo, ka vle di ou gen yon emoraji obstetrikal
- Ensizyon ki pa vle geri, siw wè pow vinn pi wouj oubyen wap bay pij kote yo te baw sizo a oubyen kote ou te fè sezaryèn nan, sa ka vle di w gen yon enfeksyon
- Woujè, anfleman, sansasyon chalè oswa doulè nan zòn jarèt ou, ka vle di ou gen yon boul san ki bloke sikilasyon w
- Tanperati 100.4°F oswa pi plis, ekoulman nan kilòt oubyen pèt san ki gen move odè ka vle di ou gen yon enfeksyon
- Tèt fè mal (ki douloure anpil), twoub nan vizyon, oswa doulè nan vant ki sitiye nan pati adwat epi anwo, sa ka vle di ke w gen tansyon ki wo oswa yon preeklansmi apre akouchman

### MANDE ÈD

Doktè oswa lòt Responsab Sante w /Klinik: \_\_\_\_\_ Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_  
Lopital Ki Pi Pre M nan: \_\_\_\_\_